



Commonwealth of Massachusetts
Executive Office of Energy & Environmental Affairs

Department of Environmental Protection

100 Cambridge Street 9th Floor Boston, MA 02114 • 617-292-5500

Maura T. Healey
Gouvènè

Kimberley Driscoll
Gouvènè Adjwen

Rebecca L. Tepper
Sekretè

Bonnie Heiple
Komisè

AVI PIBLIK

Nan dokiman sa a gen yon avi ki fè konnen Depatman Pwoteksyon Anviwònman Massachusetts la (MassDEP) pral òganize yon peryòd kòmantè piblik pou bay piblik la opòtinite pou fè kòmantè sou Vèsyon preliminè Faktè Emisyon Gaz a Efè Tèmik (GET) 2023 Commonwealth la pou Vandè Elektrisite an Detay yo.

An konfòmite avèk seksyon Rapò sou Emisyon a Efè Tèmik Estanda Enèji Pwòp Massachusetts la nan 310 CMR 7.75(9)(c) 2.c., nenpòt moun ka fè kòmantè sou metodoloji, sous done oswa kalkil yo itilize pou detèmine Faktè Emisyon GET 2023 yo.

Règleman an egzijè pou tout vandè elektrisite an detay (tankou founisè konpetitif, sèvis piblik elektrisite, depatman elektrisite minisipal ak konpayi elektrisite minisipal yo) rapòte emisyon GET ki asosye ak elektrisite yo vann lan. Faktè Emisyon Final yo pral itilize pa vandè an detay yo rapòte emisyon GET yo.

Yon dokiman sipò ak fichye ki eksplike sous done yo, metodoloji ak kalkil yo itilize pou detèmine Faktè Emisyon GET 2023 yo disponib nan: <https://www.mass.gov/lists/massachusetts-greenhouse-gas-ghg-reporting-program-data#massdep-emission-factor-calculations->.

Peryòd Kòmantè Piblik la ap fini nan dat 3 jiyè 2025, a 5:00 pm. Kòmantè sou Pwojè Faktè Emisyon 2023 yo ka soumèt pa lapòs oswa pa imèl pou:

Sue Ann Richardson
Massachusetts Department of Environmental Protection
100 Cambridge Street, 9th Floor
Boston, MA 02114
climate.strategies@mass.gov

Enfòmasyon sa yo disponib nan fòm altènatif. Tanpri kontakte MassDEP nan 617-292-5500.

TTY# MassRelay Service 1-800-439-2370

MassDEP Website: www.mass.gov/dep

Enprime sou Papye Resikle